

August 2023

Chè Paran/Responsab Legal,

Evalyasyon Panse Etidyan Florida (Florida Assessment of Student Thinking, FAST) se yon sistèm siveyans ki fèt twa (3) fwa nan yon ane pou swiv pwogrè elèv ou a nan aprann Referans pou Ekselans Panse Etidyan (Benchmarks of Excellent Student Thinking, B.E.S.T.) Estanda pandan tout ane lekòl sa a. Objektif lèt sa a se pou enfòme w elèv ou a pral patisipe nan premye administrasyon pou klas (PM1) [3/4/5/6/7/8/9/10] Evalyasyon Panse Etidyan Florida (Florida Assessment of Student Thinking, FAST) Lekti ELA [**and Mathematics**]evalyasyon[s] sou [**administration day(s)/date(s)**]. Rezulta elèv ou a nan PM1 se pou rezon enfòmatif sèlman, epi yo pral ba w enfòmasyon sou fason pou jwenn aksè nan rezulta yo apre tès la fini.

Evalyasyon Fast yo se tès ki adapte sou òdinatè yo ka pran yo sou yon òdinatè oswa yon tablèt. Keson yo vin pi fasil oswa pi difisil selon fason elèv la reponn, epi chak elèv ap wè diferan kesyon nan yon chan atik komen. Chak tantativ tès (PM1, PM2, PM3) ap prezante 35 - 40 atik ki ap kouvri tout “plan” tès la, sa vle di elèv yo ap rankontre atik ki reprezante estanda yo nan matyè a oswa nivo klas la. Pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou konsepsyon tès la, tanpri vizite <https://www.fl DOE.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si oumenm oswa elèv ou a ta renmen entèraji avèk platfòm tès sou entènèt la oswa revize egzanp [**and Mathematics**] Lekti FAST ELA lakay ou, egzanp materyèl tès yo disponib nan <https://flfast.org/families.html>.

Tanpri revize règleman sa yo ak elèv ou a anvan tès la:

- **Aparèy Elektwonik**—Elèv yo pa gen dwa genyen okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite ak, telefòn selilè, esmatfòn epi smartwatches, nenpòt kilè pandan tès la oubyen pandan tan repo (pa egzanp, nan twalèt yo), **menm si aparèy yo etenn oswa elèv yo pa sèvi ak yo.** Si yo jwenn elèv ou a ak yon aparèy elektwonik oswa yo jwenn li ap sèvi ak Bluetooth/ekoutè san fil/earbuds pandan tès li a, tès li a ap anile.
- **Règleman pou Kalkilatris**—Pou evalyasyon FAST Matematik Klas 7yèm-8yèm ane yo, yo ka itilize kalkilatris syantifik ki baze sou platfòm ki apwouve a. Pou FAST Matematik klas 6yèm ane, yo ka itilize yon kalkilatris ki gen kat fonksyon ki baze sou platfòm ki apwouve a.
- **Akize Resepsyon Règ Tès yo**—Tout tès yo gen ladan yo yon akize resepasyon règ ki di: “Mwen konprann yo te li règ tès yo pou mwen. Si mwen pa swiv règ sa yo, nòt egzamen mwen an ka anile.” Anvan tès la, administratè tès yo li règ yo bay elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règ tès yo lè yo klike sou ti bwat ki nan navigate sekirize a ki endike yo konprann règ tès yo.
- **Diskite sou Kontni** Tès an apre tès la—Yo li dènye pòsyon règ egzamen yo bay elèv yo anvan yo klike sou ti bwat la pou aksepte Akize Resepsyon Règ Tès Eta yo paske kontni tout evalyasyon atravè tout Eta a sekirize, elèv yo pa ka diskite sou detay ki revele sou kontni tès la (ki gen ladan atik ak pasaj tès la) apre tès la. Sa gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, voye imèl, poste sou medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. Tanpri asire w elèv ou a konprann règleman sa a anvan tès la epi fè yo sonje “diskite” kontni tès la gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye tèks mesaj, voye imèl, poste sou medya sosyal, oswa pataje sou entènèt. **Byenke elèv yo pa ka pataje enfòmasyon sou kontni tès sekirize a apre tès la, règleman sa pa gen entansyon anpeche elèv yo diskite sou eksperyans tès yo ak paran/fanmi yo.**
- **Travay Poukont yo**—Elèv yo responsab pou yo fè pwòp travay yo pandan tès la epi pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo bare elèv yo ap triche pandan tès yo, y ap anile tès yo a.
- **Kite Kanpis la**—Si elèv ou a kite lakou lekòl la anvan li fini yon tès (pa egzanp, pou manje midi, yon randevou), li **p ap gen** dwa retounen nan tès sa a. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou tès la, li kapab pi bon pou li rete tann epi fè tès la nan yon jou ratrapaj. Tanpri sonje pa pran randevou nan jou tès yo.
- **Rive an Reta**—Si elèv ou a rive anreta nan lekòl la epi tès pou jounen an gentan kòmanse, administrasyon lekòl la ap detèmine yon kote ki an sekirite pou elèv ou a rete tann jiskaske yo kapab rejwenn klas yo epi fini tès yo. Lè sa a, elèv ou a ap gen opòtinite pou fè tès la yon jou apre nan fenèt tan tès Eta a.

- **Aranjman nan Tès**—Si elèv ou a gen yon Plan Edikasyon Endividye (Individual Education Plan, IEP), yon Plan Seksyon 504, oswa se yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè (English Language Learner, ELL) oswa yon ELL ki fèk soti, tanpri kontakte lekòl la pou diskite sou aranjman nan tès yo yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon tès sa a, ou kapab kontakte [[School Contact](#)] nan [[Contact Information](#)]. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram FAST la, tanpri vizite pòtal la nan [FLFAST.org](#).

Mèsi paske w sipòte elèv ou a epi ankouraje l pou fè sa ki pi byen an pandan li pral fè tès sa a.

Ak tout kè mwen,

Joseph Torregrasso Ed.D.

Principal